



Miami-Dade County Public Schools

giving our students the world

Superintendent of Schools

Dr. Jose L. Dotres

Miami-Dade County School Board

Mari Tere Rojas, Chair

Monica Colucci, Vice Chair

Roberto J. Alonso

Dr. Dorothy Bendross-Mindingall

Mary Blanco

Danny Espino

Dr. Steve Gallon III

Joseph S. Geller

Luisa Santos

August 14, 2025

Chè Paran/Gadyen:

Ane sa a lekòl nou an pral resevwa finansman espesyal nan men gouvènman federal la, nou pral ajoute sou fon regilye nou resevwa nan men Eta a ak otorite lokal yo, pou amelyore pwogram edikasyonèl pou tout elèv nan lekòl nou an. Lajan federal sa a pral pèmèt lekòl nou an aplike Pwogram 'Title I' nan tout Lekòl la.

Pwogram Lekòl Title I bay ansèyman siplemantè nan Lekti/Ekriti, Matematik, Syans ak Syans Sosyal pou elèv nou yo, sou baz objektif enstriksyonèl nou etabli nan plan "School Improvement Process (SIP)" (Pwosesis Amelyorasyon Lekòl) yo. An jeneral, nou kapab sèvi ak fon federal sa a pou ofri yon seri sèvis enpòtan tankou ajoute plis anplwaye enstriksyonèl, achte materyèl ak/oubyen ekipman edikatif; pwogram elektwonik tankou odinatè pou sipòte pwosesis dewoulman klas la; fòmasyon espesyal pou paran ak/oubyen anplwaye yo, plis aktivite enteresan ki ogmante motivasyon/enterè, sèvis sipò ak ankadreman pou elèv nou yo, ak lòt sèvis edikasyonèl Distri a ofri.

Nou ankouraje ou pou w jwe yon wòl enpòtan e rete angaje nan pwosesis planifikasyon ak egzekisyon plan Pwogram Lekòl Title I nan lekòl la. Chak lekòl ki ap patisipe nan pwogram sa a dwe an menm tan devlope avèk paran yo "The Title I School-level Parent and Family Engagement Plan (PFEP)" (Plan Angajman Title I pou Paran ak Fanmi nan Nivo Lekòl) ansanm ak "The Title I School-Parent Compact" plan (Akò 'Title I' sou Kolaborasyon Lekòl ak Paran). Nou ankouraje ou vin patisipe nan reyinyon anyèl Title I pou paran yo, kote nou revize epi mete ann aplikasyon dokiman sa yo. Pandan reyinyon an, nou ap pataje tou enfòmasyon sou lòt fason ak aktivite ou kapab angaje w nan lekòl la ak nan siksè akademik pitit ou.

Nou pa ka tann pou nou travay ansanm sou evalyasyon anyèl Title I 'PFEP' nan nivo Lekòl la ak plan (Akò 'Title I' sou Kolaborasyon Lekòl ak Paran) an, epi revize yo jan sa nesesè. Yon fwa nou fini, n ap mete tout dokiman sa yo disponib nan "Parent Resource Center" (Sant Resous pou Paran), nan Biwo Prensipal lekòl la, ak sou sit entènèt lekòl la. Nou ap revize dokiman sa yo regilyèman pou asire nou yo reflekte bezwen espesifik elèv nou yo. Anplis, enfòmasyon konsènan reyinyon anyèl Title I ak Pwogram 'Title I' nan Lekòl yo ap disponib sou sit entènèt lekòl la.

Nou vle w konnen ekip administratif nou an, anplwaye lekòl nou yo, ak Espesyalis Patisipasyon Kominotè yo oubyen moun ki responsab pou fè kontak ak paran nan lekòl nou yo se premye pwen kontak ou pou resevwa enfòmasyon sou "The Every Student Succeeds Act (ESSA)" (Akò Tout Elèv Reyisi) a. Anplis, yo kapab ede ou jwenn enfòmasyon "Right-to-Know" (*Dwa pou Konnen*), pou paran, konsènan nivo pèfòmans akademik pitit yo nan chak evalyasyon akademik Eta a; kalifikasyon pwofesè ak anplwaye k ap anseye pitit ou a, si yo te asiye pitit ou oubyen li resevwa enstriksyon pou plis pase kat (4) semèn nan men yon pwofesè ki pa satisfè kondisyon pou setifikasyon Eta a; done pèfòmans lekòl la; ak Pwosedi Distri a pou Mande Reyinyon ak Pote Plent; aksè nan plan 'PFEP,' 'Title I' nan nivo Distri a, aksè plan 'PFEP' 'Title I' nan nivo Lekòl la, plan "School Improvement Process (SIP)" (Pwosesis pou Amelyore Lekòl yo), ak plan "Title I School-Parent Compact" (Akò 'Title I' sou Kolaborasyon Lekòl ak Paran).

Si ou gen nenpòt kesyon konsènan ansèyman pitit ou ap resevwa nan lekòl nou yo oubyen konsènan Pwogram Lekòl 'Title I', silvouplè kontakte mwen nan 305-573-2638.

Sensèman,

Cathy M. Williams

Cathy M. Williams

Direktè

*Phillis Wheatley Elementary School • 1801 NW 1st Place • Miami, Florida, 33136 • Cathy M. Williams, Principal
305-573-2638 • 305-573-2423 (FAX) • <https://www.philliswheatleyelementary.net/>*